



Lanmò nan Ovèdoz Pami Rezidan Latino New York yo, 2022

Byenke yo idantifye yo kòm yon sèl gwoup, Latino yo nan Vil New York (NYC) reprezante plis pase 20 peyi dorijin oswa gwoup eritaj etnik¹ diferan. Fèy enfòmasyon sa a mete aksan sou diferans ki genyen nan lanmò ovèdoz pami pi gwo gwoup eritaj Latino nan Vil New York: Pòtoriken, Dominiken, Moun Ameriken Santral and Amerik Disid, and Meksiken.


Rezidan Latino New York yo te gen dezyèm pi gwo kantite lanmò ovèdoz.




Rezidan New York ki blan yo te gen pi gwo pousantaj lanmò nan ovèdoz (pou chak 100,000 rezidan).



Rezidan Latino/a New York yo konte pou 28% popilasyon Vil New York la. Pi gwo gwoup eritaj Latino/a nan Vil New York se Pòtoriken ak Dominiken.




Rezidan Latino New York yo konte pou 34% lanmò nan ovèdoz yo. Sou baz estimasyon popilasyon an, Rezidan Pòtoriken New York yo te genyen pi gwo pòsyon lanmò nan ovèdoz.




¹Pou rezon piblikasyon sa a, yo rapòte eritaj Latino sou sètifikasyon desè a. Si yo pa te rapòte li, yo deklare li kòm yon disparisyon.

Sous: Estimasyon denominatè popilasyon yo te pran nan Seri Mikwodone Itilizasyon Piblik Entegre, Sondaj Kominote Ameriken Resansman Etazini (Integrated Public Use Microdata Series, U.S. Census American Community Survey), 2016-2020. Kantite denominatè popilasyon Latino yo te pran nan Estimasyon Popilasyon Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (Depatman Sante New York), ki te modifiye nan estimasyon popilasyon entè-sansire Biwo Resansman Ameriken an, 2000-2020 (mizajou Oktòb 2021). Done mòtalite nan ovèdoz yo te limite a sèlman moun ki gen laj 15 a 84 lane epi yo te pran nan Biwo Medsen Lejis Anchèf Vil New York ak Biwo Estatistik Vital Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York, 2022. Analiz Bureau of Alcohol, Drug Use, Prevention, Care and Treatment (Biwo Alkòl, Itilizasyon, Prevansyon, Swen ak Tretman Dwòg). Done pou 2022 yo pwovizwa epi yo ka chanje.

Pami Rezidan Latino New York yo, Rezidan Pòtoriken New York yo te gen pi gran kantite lanmò nan ovèdoz. Enfòmasyon eritaj pa te mansyone nan sètifika lanmò youn sou chak twa Rezidan Latino New York ki te mouri nan yon ovèdoz dwòg.




Pousantaj lanmò nan ovèdoz pami Rezidan Pòtoriken New York yo te pi wo pase pousantaj pami rezidan Latino New York yo an tou.



*To yo pa ka kalkile pou done eritaj ki manke.

To lanmò nan ovèdoz pami Rezidan Pòtoriken New York yo te pi wo pami mesye yo ak moun ki aje ant 35 a 54 lane.



Sibstans ki enplike nan lanmò ovèdoz dwòg pami Rezidan Latino New York yo (lanmò nan ovèdoz kapab enplike plizyè sibstans):

